



Evite miyò pase mande padon/ Prévenir vaut mieux que guérir



Federasyon Entènasyonal Sosyete
Kwa Wouj ak Kwasan Wouj

Federasyon Entènasyonal Sosyete Kwa Wouj ak Kwasan Wouj ap pwomouvwa aktivite imanité Sosyete Nasyonal yo anfavè moun ki pi vilnerab yo.

Gras ak kòdinasyon sekou entènasyonal nan ka dezas ak sipò asistans pou devlopman, entansyon an se prevni epi soulaje sou-frans moun.

Federasyon an, Sosyete Nasyonal yo ak Komite Entènasyonal Kwa Wouj la fòme ansanm : Mouvman Entènasyonal Kwa Wouj ak Kwasan Wouj.

**Biwo Rejyonal Federasyon
Entènasyonal Kwa-Wouj ak Kwasan
Wouj pou Amerik la,**

Nelson Castaño
E-mail : Nelson.Castano@ifrc.org
Kòdonatè Kontinental pou Jesyon
Risk ak dezas
Web : www.cruzroja.org
Tel : (507) 317 3050

Sant fòmasyon Kwa wouj ayisyèn,

Ing. Léandre APPOLON
Espesyalis nan devlopman ak popilasyon.
Kòdonatè sant fòmasyon Kwa Wouj
Ayisyèn
E-mail : a.leandre@croixrouge.ht
Tel : (509) 3492 4390





Endèks

Entwodiksyon.....	5
Objektif	6
Blesi.....	7
Emoraji ou pèt san.....	8
Endispozisyon	9
Malkadi.....	10
Boule.....	11
Kou ak frakti.....	12
Dyare.....	13
Pike ak mode.....	14
Entoksikasyon.....	15
Lafyèv.....	16
VIH / Sida.....	17
Transpò.....	18
Prensip fondamantal yo.....	20
Glosè / Bibliyografi.....	21
Bwat materyèl premye swen pou lakay.....	22
Enfòmasyon nan ka ijans.....	23

Prezantasyon Gid la



Federasyon
Entènasyonal Sosyete Kwa Wouj
ak Kwasan Wouj ap prezante Gid
Premye Swen sa
a, nan lide pou montre ou nan yon
langaj fasil pou konprann demach
ki dwe fèt ak aksyon ki dwe egze-
kite pou okipe ijans ki prezante
pandan n'ap tann asistans medikal
kòmsadwa.

Si ou vle aprann teknik PREMYE
SWEN yo ki ka edew sove yon lavi,
al nan biwo KWA WOUJ ki pi prew
la, kote w'ap ka resevwa antren-
man k'ap pèmèt ou gen plis kone-
sans.



premye Swen Kominoté



Entwodiksyon

Seri "Evite miyò pase mande padon" genyen 13 modil ki te fèt nan Sant Rejyonal Referans nan Edikasyon Kominotè pou Prevansyon Dezas, ak bourad Federasyon Entènasyonal Kwa Wouj ak Kwasan Wouj depi nan delegasyon rejyonal pou Meksik, Amerik Santral ak Karayib, epi Pwogram Rejyonal Rediksyon risk, ansanm ak Sosyete Nasional yo ki nan rejyon an.

Gid travay kominotè sa yo, yo te fèt paske te gen yon bezwen pou mete sou pye kèk pwogram rediksyon risk ki gen pi bon kalite, ki ta pèmèt jenere plizyè pwosesis devlopman dirab nan kominote ki pi vilnerab yo. Sa ta mande yon metodoloji ak yon seri zouti senp, pratik epi k'ap swiv menm estrikti, ki ta kapab sèvi pou chak Sosyete Nasional, san yo pa pèdi idantite sosyokiltirèl yo, pandan y'ap rann posib aplikasyon ak adaptasyon nan diferan kontèks.

Modil yo fèt pou pèsonèl pèmanan ak volontè Kwa Wouj, pou manm lòt òganizasyon k'ap travay nan rediksyon risk ak dezas, epi pou kominote a anjeneral.

Yo reprezante vèsyon ki revize epi korije selon materyèl orijinal yo Federasyon Entènasyonal Kwa Wouj te devlope nan lane 1994. Depi lè sa a jouk kounye a, yo gen sipò òganis entènasyonal tankou: Consortium Provention, UNICEF, OPS/OMS, UDSMA/OEA, inivèsite yo, epi lòt ankò.

Kèk modil nan yo genyen yon kaye pou pratique ki rele "Kaye Trav Pratik". Nan ka sa a, modil la ka sèvi tankou materyèl referans pou fasilitatè a epi pou patisipan an, epi kaye travo pratik la pral sèvi sèlman patisipan an pou l fè devwa ak pratik li.

Chak modil ka itilize pou kont yo selon objektif pa yo, oubyen tankou yon pati nan seri a. Nan ka sa a, modil 1 an, "Edikasyon, òganizasyon epi preparasyon kominotè pou rediksyon risk", bay tout baz pou travay ak zouti AVK yo, epi tout rès la fouye nan fon kesyon pi konkrè tankou: plan eskolè, familyal, pou inondasyon, elatriye.

Premye Swen Sikolojik yo ak Materyèl Kominotè pou Mitigasyon Dezas nan Akedik Riral yo se materyèl ki bezwen èd dirèk teknisyen ki espesyalize nan domèn nan.





Lavi moun se posesyon ki gen plis valè nou genyen, se poutèt sa nou dwe pwoteje l. Kò moun frajil anpil epi li espoze ak domaj kontinyèlman. Lè yon aksidan rive, se premye minit yo ki pi kritik. Si sikilasyon oksijèn rive kenbe nan sèvo a apre yon kriz kadyak, nou ka fè revini malad la san konsekans final; si yon emoraji rive kanpe, chòk ak lanmò akòz pèt san ka evite; si ou konn kijan pou evalye kote aksidan an fèt la, w'ap kapab evite yon pi gwo domaj oubyen vinn ou menm viktim nan chèche panse blese a. Kijan pou aji kòrèkteman pou ede yon blese, sa se yon konpòtman nenpòt moun ka aprann. Fòk nou byen pare!

M'ap invitew aprann pratik senp yo pou entèvni ak estabilize blese oubyen okipe yon moun ki bezwen premye swen. Konesans sa a ka edew sove lavi yon moun paw, yon vwazen oubyen yon lòt moun. Sa w'ap jwenn nan gid pratik sa a, ou ka itilize l kou yon zouti pou chak jou, l'ap toujou sèvi w epi ak li pral oblige rafrechi konesans la regilyèman pou ranfòse konfyans ou. L'ap sèvi ou tou kòm zouti nan tan dezas, pou ou bay èd ou touswit.

Estabilize yon blese pral ede anbilansye yo nan deplasman ansekirite li nan anbilans la pou mennen l nan sant sante pou ba l swen espesyalize. Kapasite pou swaye yon blese ki pa grav ap ede ou soulaje blese a epi l'ap dekonjesyone sistèm asistans yo pandan yon dezas katastwofik. Nou dwe toujou eseye otosifilan pou premye swen yo, men sonje kapasite pou fè diferans ant yon lezyon ki pa grav ak youn ki grav pral mande w yon konesans ou pral genyen lè w'ap swiv anpil lòt fòmasyon pi espesyalize ou kapab resevwa nan men Kwa Wouj lokal la. Gid pratik premye swen sa a se premye pa pou sove lavi moun.



Objektif

1 Aplike mezi debaz sou moun malad ou blese.

2 Fè diferans nan trètman pou bay selon ka ijans lan.

3 Konnen moman apwopriye oubyen pi bon moman pou mande èd espesyalize oubyen medikal



BLESI


1. Lave blesi a ak dlo ak savon.



2. Kouvri blesi a ak twal gaz oubyen twal pwòp epi mare li ak adezif oubyen bandaj.

3. Si se nan vant oubyen nan pwatrin blesi a ye, epi w' wè ògàn vital yo deyò, pa al eseye mete ògàn yo nan plas yo

4. Kouvri blesi a ak ògàn yo san w' pa peze yo ak yon twal pwòp epi mouye.



Emoraji ou pèt san

Toujou sonje itilize gan latèks pou sekirite w.

- Pou bloke emoraji a, mete yon moso twal pwòp oubyen yon twal gaz (pansman) sou blesi a epi peze l'. Mete yon bandaj epi mare li.



- Si l' toujou ap senyen epi blesi a se nan bra oubyen nan janm li ye, leve manm ki blese a, pandan w' ap mete plis bandaj sou sa yo ki te la deja. Si l' gen blesi nan ranch, nan abdomèn oubyen nan toraks pa leve ni janm ni bra



- Si emoraji a pa sispann...
pote blese a nan sant sante ki pi pre a.




Endispozisyon

1. Tcheke si moun nan ap respire epi si pou li ap bat.




2. Eseye mete moun endispoze a yon kote ki fre epi ki gen bon ti van.

3. Leve yon ti kras janm li, pandan l' toujou ret kouche (si l' pa gen lezyon nan tèt, nan lestomak oubyen nan janm)



4. Lè li retabli, kite l' kouche dwat pandan l' ap respire lantman ak pwofondeman.



Malkadi

- 1.** Retire tout kirye nan zòn nan. Bay pasyan an espas.
- 2.** Pa eseye anpeche l' jigote. Pa kenbe l', pa antre ni dwèt ou ni okenn lòt bagay nan bouch li.




- 3.** Retire tout bagay ki ta kapab blese pasyan an akòz mouvman l' ap fè yo.
- 4.** Lè kriz la pase, lave nen ak bouch moun nan pou retire tout saliv ak sekresyon. Pa blye itilize gan latèks.



- 5.** Asire ou l' ap respire epi pou li ap bat. Kouvri l ak yon dra oubyen yon kouvèti.




- 6.** Lè li retabli, rekomande l' pou li ale kay doktè.



Boule



- 1.** Mete moun lan lwen bagay ki te boule l' la.
- 2.** Boule premye degre yo, yo pa fè zanpoud, ou mèt lave yo ak dlo pwòp.
- 3.** Boule dezyèm degre yo fè zanpoud. Kouvri yo ak twal gaz oubyen ak twal pwòp.
- 4.** Gen boule twazyèm ak katryèm degre, yo pwofon anpil epi yo detwi po a.



Pa mete sou moun ki boule yo:
 Grès
 Pomad oubyen Iwil
 Kafe
 Dantifris
 Ni okenn lòt bagay
 Si gen zanpoud, pa pete yo.

Si boule a grav oubyen laj, ale nan sant sante ki pi pre a.



Kou ak frakti



Kisa ki dwe fèt?

- 1.** Imobilize san bouje pati afekte a epi nan pozisyon li ye ak katon, planch, bandaj oubyen bann twal.


- 2.** Si gen blesi ak/oubyen san zo a vizib, kouvri l' ak twal gaz oubyen twal ki pwòp san peze l'. Pa bouje ni eseye mete zo a nan plas li.

- 3.** Mennen li lopital.



Kisa dyare ye?


Se matyè fekal moun jete plis pase 3 fwa nan 24 è.



1. Kisa ki dwe fèt?

Bay moun nan bwè anpil
dlo pwòp oubyen lòt bwason
san alkòl.

Ba li sewòm oral si w
genyen ti pake yo,
oubyen prepare l' lakay
ou menm.



2. Kontinye bay ti bebe yo tete epi bay timoun ak jèn moun yo manje nòmal.


3. Si timoun nan fèb nèt, epi li gen po l' ak lang li sèk, mennen l' san pèdi tan nan yon sant sante paske l' gen tan pèdi tout dlo nan kò li epi vi l' an danje.

4. Si dyare a vini ak san epi l' ap vomi, mennen l' san pèdi tan kay doktè.



5. Pa bal remèd, se sèlman likid.





Pike ak mode

1. Pike

Eseye retire pikan an.
Lave byen zòn afekte a ak dlo ak savon.
Mennen pasyan an nan sant sante a pou yo ka
tcheke si tout bagay anfòm



2. Mode sèpan

Desere oubyen retire rad ki kapab sere l' sizoka
zòn mode a ap anfle. Chèche immobilize mamm
mode a epi eseye kenbe l' nan yon nivo pi ba rès
kò a si l' posib. Mennen li nan ijans nan sant
sante ki pi pre a.



3. Lòt mode

Asire w' bêt la pa gen raj oubyen lòt
maladi, kontwole si gen kote k' ap
senyen, epi mennen pasyan an nan
sant sante ki pi pre a.



Entoksikasyon

- 1.** Si entoksikasyon an se akòz manje, alkòl oubyen remèd li fèk fin pran epi moun nan ak tout konesans li sou li, antre dwèt nan bouch li pou fè l' vomi.



- 2.** Si se kèk ensektisid oubyen kèk lòt pwodui enkonî, pa bay moun nan bwè anyen, pa fè l' vomi. Mennen li san pèdi tan nan sant sante a.



- 3.** Si entoksikasyon an se sou po oubyen nan je li ye, lave san fwote je a oubyen po a ak anpil dlo epi mennen l' nan sant sante a.



- 4.** Pote ale nan sant sante a tout vesò pwodui yo ki te lakòz entoksikasyon an.



Lafyèv

Lafyèv toujou asosye ak yon maladi oubyen enfeksyon

- 1.** Pou bese fyèv la, aplike sèvyèt mouye sou kò li. Si sa pa mache, moun nan ka benyen.



- 2.** Bay moun nan yon medikaman pou bese lafyèv la, tankou asetaminofèn (yo plis konnen l' sou non panadòl oubyen tilenòl). Pa bay moun nan okenn medikaman ki gen asid asetilsalisilik.



- 3.** Ba li anpil likid pou l' bwè epi kontinye ak alimantasyon nòmal la.



- 4.** Kontwole tanperati kò li. Ran nòmal la se $36,4^{\circ}\text{C}$ a $37,2^{\circ}\text{C}$.



- 5.** Mennen li kay doktè pou jwenn kòz ak trete lafyèv la.

Anvan ou trete malad enfekte a, pa bliye itilize gan latèks.



VIH/SIDA

Lafyèv toujou pote maladi, oubyen enfeksyon.

1. Kisa VIH la ye?

Se viris ki lakòz sida a.

Li atake sistèm defans kò a, li rann li fèb; lè sa rive, sistèm defans lan pa ka pwoteje nou ankò kont maladi.

Moun ki enfekte avèk VIH oubyen ki gen sida, yo rele yo "Moun k' ap viv ak VIH/SIDA (MVVS)".



2. Moun k' ap viv ak VIH/SIDA

Moun sa yo ka sen pandan anpil ane si:

"Yo gen abitid mennen yon vi sen".

"Yo pran repo epi yo fè egzèsis".

"Yo genyen yon rejim alimantè ekilibre".


"Tout enfeksyon yo trete imedyatman".

"Yo sèvi ak kapòt latèks chak fwa yo gen rapò seksyèl".

"Yo fè konsiltasyon regilye nan yon klinik kote pèsonèl la gen konesans sou VIH / SIDA".




Sonje, swen fizik yon moun k' ap viv ak VIH/SIDA se menm swen sa a ki ofri nan premye swen debaz yo.



3. Atansyon emosyonèl pou MVVS

- Yon zanmi ki p' ap meprize oubyen ki p' ap fè presyon sou MVVS la.
- Rezève sou kondisyon moun yo ak VIH/SIDA.
- Gen ega pou MVVS la epi pran desizyon ansanm ak li.
- Sanpatipri nan tretman MVVS la parapò ak kijan li te enfekte




Transpò

- 1.** Lè transpò malad oubyen blese yo pa fèt korèkteman, eta pasyan ka agrave.



- 2.** Si moun nan pa ka mache, li enkonsyan oubyen li te fè aksidan epi nou pa konnen gravite eta li, nou dwe bwote li sou branka pandan n' ap evite mouvman brisk yo.

- 3.** Fè branka a ak 2 baton long ak rad, twal, sak, elatriye.



- 4.** Lè w' ap monte blese a sou branka a, evite mouvman brisk yo, sitou ak tèt li epi ak do li.



Glosè

Premye swen: Swen imedya ak tanporè yo bay souplas viktim yon aksidan oubyen maladi sibit, pou prevni konplikasyon, soulaje soufrans epi sove lavi yo pandan y' ap tann èd medikal apwopriye.

Bwat materyèl premye swen pou lakay: Se yon bwat materyèl rezistan fanmi an genyen pou sere materyèl ak medikaman premye swen.

VIH: Viris ki diminye defans kò moun.

Sida: Maladi moun yo genyen lè VIH vin bay sèntom.

MVVS: Moun k' ap viv ak viris sida a.

Dyare: Matyè fekal moun jete plis pase 3 fwa nan 24è (ou pa jou).

Bibliyografi konsilte

- Direksyon Nasyonal Fòmasyon Kwa Wouj Kosta Rica, **Cómo Atender una Emergencia**, 2003.
- **Guía de Primeros Auxilios Comunitarios, Sosyete Kwa Wouj Karayib la.**
- **Kwa Wouj Salvadò, Curtso de Primeros Auxilios Comunitarios, 2003.**
- Federasyon Entènasyonal Sosyete Kwa Wouj yo San Jose Kosta Rica. “Folleto 1. Serie es Mejor Prevenir ... Educación Comunitaria para la Prevención de Desastres”, 1997.
- Komisyon Nasyonal Prevansyon Risk ak Atansyon Ijans, Kosta Rica, **Glosario oficial de Términos sobre Desastres**, 2004.
- **Sant Rejyonal Enfòmasyon sou Dezas, Vocabulario Controlado sobre Desastres**, 1992.



Bwat materyèl premye swen pou laky

1. Pa mete medikaman kote timoun ta ka jwenn yo. Li ka danjere.

2. Annou prepare yon ti valiz avèk:

- Sizo
- Twal gaz
- Bandaj
- Pansman
- Adezif
- Pensèt
- Gan latèks
- Alkòl
- Tèmomèt
- Savon
- Sewòm oral
- Flach oubyen balèn
- Alimèt
- Liv premye swen



3. Nou dwe tcheke dat ekspirasyon medikaman yo nou genyen nan kay la, yon jan pou evite entoksikasyon.

Pa pran okenn medikaman san preskripsyon. Al kay doktè.



Enfòmasyon nan ka ijans

Adrès lakay mwen: _____

Telefòn mwen: _____

NIMEWO TELEFÒN

Kwa Wouj: _____

Klinik oswa lopital ki pi pre a: _____

Ponpye: _____

Ijans: _____

Lapolis: _____

Fanmi: _____

Vwazen: _____

Doktè: _____

Enfòmasyon oubyen prekosyon espesyal (si gen kèk medikaman ou konn sèvi yon lè konsa oswa toutan, tranpri ekri non medikaman an epi doz ou konn pran.



Premye Swen Komonoté

